Yàlla du xool góor giy sëy ak soxnaam ci ginnaawam

Jële nañu ci Ibn Abbaas yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «Yàlla du xool góor giy sëy ak soxnaam ci ginnaawam».

[Wér na] [رواه الترمذي والنسائي في الكبرى]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral na tëkku gu tar ci ne Yàlla du xool xoolu yërmànde jëm ci góor gir sëy ak góor ci ginnaawam walla jigéen ci ginnaawam, ak ne loolu dafa bokk ci bàkkaar yu mag yi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/58091